

Name: _____

DOB: _____

MRN: _____

Rekonesans Pòt Devan

Front Door Acknowledgement

Tretman:

Mwen dakò ak otorize Mount Sinai Health System (MSHS), doktè l yo, enfimyè l yo ak lòt anplwaye klinik li yo pou yo banmwen swen. Sa a ka gen ladan l tretman, tès, ak pwosedi ki nesèsè pou swen mwen an ak byennèt mwen. Mwen konnen ke moun ki nan fòmasyon ka pran swen mwen anba sipèvizyon, amwenske mwen mande pou sa pa fèt epi doktè prensipal mwen an detèmine ke li an sekirite pou yo kontinye san manm ekip sa yo.

Obsèvatè ak Founisè Sèvis yo:

Mwen konnen ke moun ki bay sipò teknik oswa founi sèvis yo ka fè pati swen medikal mwen.

Tès san pandan yon ekspozisyon:

Mwen konprann ke si yon moun k ap patisipe nan swen mwen ak tretman mwen ekspozè a sèten likid kòporèl ki lakòz posiblite pou transmèt yon maladi ki transmèt atravè san, y ap teste san mwen pou VIH, Epatit B ak Epatit C pou detèmine risk ekspozisyon yo.

Tès VIH pou Pasyan yo:

Enfòmasyon jeneral sou VIH:

- VIH, viris ki lakòz SIDA a, ka pwopaje atravè sèks san pwoteksyon, pataje zegwi, akouchman oswa bay tete.
- Si mwen teste pozitif, mwen ka jwenn tretman pou VIH/SIDA pou ede m rete an sante epi viv pi lontan.
- Moun k ap viv ak VIH/SIDA ka sèvi ak pratik ki an sekirite pou pwoteje lòt moun kont enfeksyon.
- Li ilegal pou w fè diskriminasyon kont nenpòt moun akòz sitiyaasyon VIH yo.

Dapre Lwa sou Sante Piblik Eta New York (NYS Public Health Law), Atik 27F, pasyan yo oblije resevwa enfòmasyon sou tès VIH jan sa a:

- Founisè swen sante yo dwe ofri yon tès VIH pou tout pasyan ki gen 13-64 an.
- Tès la volontè epi tout rezilta tès VIH yo konfidansyèl (prive).
- Tès VIH la anonim (san ou pa bay non ou) e li disponib nan sèten sit piblik pou fè tès.
- Mwen ka retire konsantman mwen nenpòt ki lè-swa vèbalman oswa alekri.

Mwen te li sa ki pi wo yo epi si mwen gen nenpòt kesyon oswa si mwen ta renmen plis enfòmasyon, m ap notifiye founisè swen mwen an.
Pasyan* oswa reprezantan ki legalman otorize**

Vaksen:

Mwen konnen ke MSHS ka pataje enfòmasyon sou vaksinasyon mwen ak Depatman Sante Eta Vil New York (New York City State Department of Health) nan Sistèm Enfòmasyon sou Vaksinasyon Eta New York (New York State Immunization Information System, NYSIIS). Objektif sa a se pou asire ke founisè swen sante mwen an konnen enfòmasyon medikal ki enpòtan sou mwen pou yo ka travay avèk mwen pou resevwa vaksen ki nesèsè yo.

Lòt Enfòmasyon sou Tretman:

Si m ap akouche yon ti bebe, mwen konprann ke ekip swen mwen an ap banm vitamin K ak pomad zye eritromisin pou ti bebe mwen an kòm yon pati nan tretman estanda tibebe ki fèk fèt yo.

Imaj ak Anrejistreman son:

Mwen konprann ke yo ka pran imaj ak anrejistreman son (Anrejistremen) pou rezon klinik oswa pou amelyore kalite sèvis yo kòm yon pati nan swen mwen. Siveyans kamera nan zòn klinik ak piblik yo ka itilize pou rezon sekirite.

Anrejistremen yo ka itilize pou rezon edikatif (pa egzanp yon prezantasyon, konferans, oswa piblikasyon) toutotan foto yo oswa deskripsyon ki akonpaye yo pa revele idantite mwen. Si gen enfòmasyon ki kapab idantifye mwen nan Anrejistremen yo pou rezon edikasyon, y ap dwe mande m pèmision m espesifikman anvan yo itilize yo.

Mwen konprann ke mwen gen dwa pou revoke konsantman m pou itilizasyon Anrejistremen mwen yo pou rezon edikasyon oswa rechèch nenpòt kilè epi ke refi sa a p ap konpwomèt aksè mwen oswa kalite swen ke m ap resevwa yo.

Itilizasyon Entèlijans Atifisyèl

Mwen konprann, MSHS ka itilize zouti entèlijans atifisyèl (artificial intelligence, AI) pou ede ekip swen mwen an nan fè evalyasyon pwofesyonèl yo ak desizyon sou swen mwen an.

Non an lèt detache

Siyati

Dat

Tan

Relasyon

* Ou dwe jwenn siyati pasyan an sof si pasyan an poko gen 18 an oswa li pa gen kapasite.

** Gadyen ke yon tribinal nonmen, Pwokirasyon Swen Sante, oswa Ranplasan dapre Lwa sou Desizyon Swen Sante pou Fanmi (Family Health Care Decisions Act).